

# N ap Travay Ansanm pou yon Vil Mayifik



Yon istwa Somerville

Pa SFLC



Somerville se yon vil mayifik.

Gen anpil moun ki ap viv isit la.

Gen anpil moun ki ale lekòl isit la.

Gen anpil moun ki travay isit la.

Gen anpil moun ki jwe isit la.

Se ANPIL travay sa pran pou asire bagay yo ap mache byen nan yon vil. Gen anpil moun k'ap ede vil la anpil fè sa. Gen kèk nan moun k'ap ede vil la ki travay nan yon kote yo rele lakomin/City Hall.



Yo tout travay di, epi yo gen travay ki enpòtan. Yo tout ede pou fè Somerville yon vil mayifik. Gen non diferan pou travay yo ak biwo kote yo tout travay yo.

Majistra a se patwon nan Somerville. Li travay di pou asire ke moun yo jwenn sa yo bezwen, epi yo kontan. Li gen yon biwo nan lakomin/City Hall. Pafwa li travay nan biwo a, epi pafwa li travay deyò. Majistra jwenn travay li a lè plis moun te vote pou li nan yon eleksyon.

Majistra Joe Curtatone se yon papa epi li se majistra tou!



Li ede selebre lè y ap ouvè yon pak nouvo. Majistra a se youn nan moun k ape de vil la.

Gen lòt moun k ap de vil la ki travay nan departman pak yo. Se moun sila-yo ki deside kisa pou yo mete nan pak yo nan Somerville. Yo menm tou yo asire yo ke pak yo san danje, amizan epi plen ak bagay k ap pèmet timoun yo sevi ak imajinasyon yo. Gen 38 pak nan Somerville, kidonk yo okipe anpil!



Arn Franzen ak Luisa Oliveira travay avèk lòt moun k'ap ede vil la pou asire ke gen anpil bagay amizan pou fè nan pak yo. Se Rachel Kelly ki deside ki kalite pyebwa yo gen sou pak yo epi ki kote pou yo plante yo.





Gen kèk nan moun k ap ede vil la ki travay nan departman eleksyon. Yo reskonsab vòt. Vote se yon gwoup moun chwazi ant plizyè chwa. Moun ouswa lide ki gen plis vòt la genyen. Tout granmoun ki vote yo ede majistra a deside kisa ki pi enpòtan epi ki pibon pou Somerville.



Nick Salerno se moun k ap ede vil la nan departman eleksyon. Li asire ke moun yo konnen kijan pou yo vote epi li ede moun konprann kijan li enpòtan pou ede vil la nan vote.

Lè w al vizite lakomin nan an avril, ou ka vote sou kisa ou pi prefere fè sou pak yo. Lè ou vote epi ede granmoun yo konprann kisa timoun renmen, ou se yo moun k ape de vil la tou.

- Eske ou renmen grenpe?
- Eske ou renmen kouri ouswa fè glisad?
- Eske ou renmen gade plants epi chita nan lonbray anba yon pyebwa?
- Eske ou renmen jwe ak dlo?



Gen kèk moun k'ap ede vil la travay nan Depatman  
acha. Yo ede jwenn epi achte tout bagay sou pak yo. Yo  
asire ke Somerville jwenn bon magazen ki vann bagay  
sa yo ak moun ki konnen kijan pou yo desine epi bati  
pak yo. Yo asire ke nou jwenn bonjan pri pou sa ki  
nesesè yo. Yo jwenn jwèt pou grenpe, plant ak pye bwa,  
ban ak tab, awozwa ak kloti.

Angela Allen se moun k'ap ede vil la travay nan  
Depatman acha. Se pa ak lajan pa li non li peye pou  
tout bagay sa-yo! Vil Somerville la gen lajan pa l pou l  
peye bagay enpòtan yo.




John Long ak lòt moun k ap travay nan biwo anplwaye yo okipe papye enpòtan moun bezwen. Gen kèk papye ki pou ede ak reyinyon enpòtan. Gen papye se lisans pou dives bagay tankou maryaj, kondwi taksi, gwo selebrasyon tankou ArtBeat ouswa fedatifis ak gen yon chyen.



Yo pran not tout moun ki fèt nan Somerville. Si ou bezwen montre ki lè ouswa ki kote ou te fèt, jis mande yo pou ak nesans ou!

Tout chen yo nan Somerville bezwen yon lisans nan kolye yo, John se moun ki kapab ede ou avèk sa. Youn fwa chen an gen lisans li, li kapab ale nan Doggie pak nan Somerville la!





Denise Taylor ak Jackie Roseti se moun k'ap ede vil la nan biwo kominikasyon an. Yo ede lè jounal oswa repòtè nouvèl nan televizyon bezwen jwenn enfòmasyon sou Somerville. Yo se ekspè tou nan fè sit entènèt ak kat jewografik pou moun ka konnen ki kote yo jwenn pak ak lòt kote nan vil la.

Jhenny Saint-Surin, Irma Flores ak Adriana Fernandes travay nan SomerViva epi yo se ekspè nan ede moun nan Somerville jwenn èd nan lakomin/City Hall la. Yo pale Espayòl, Pòtigè, ak Kreyòl Ayisyen tankou Anglè tou konsa tout moun ka jwenn enfòmasyon yo bezwen an.



Sitwayen yo se moun yo ki ap viv nan Somerville. Vil la ta ka vid si se pat pou moun tankou ou w yo! Si se pa pou timoun yo, pak yo ta vid.

OU se yon manm enpòtan nan kominote a.

OU se yon moun k ap ede vil la tou!







*N ap Travay Ansanm pou yon Vil Mayifik te kreye pa la Somerville Family Learning Collaborative.*

Author: Amy Bamforth

Tradiksyon: Flor Apolaya and Fernanda Villar and Judith Alexandre

Anpil remèsiman pou zanmi nou yo nan lakomin Somerville.



**SomerPromise**